## 9.3 тӀедилларехь пайдаэца лерина кочал

**Адамалла** – иза стеган догдикалла, догцӀеналла, оьздангалла, нахаца болу ларам, тешам, нахах доглазар чулоцу синмехалла йу.

**Бакълер** – шена мел эшам хилахь а, гӀуллакхан баккъалла а долу хьал къайладоккхур а доцуш, харцлуьйр а доцуш долу адам билгалден оьздангаллин мехалла.

**Баккхийчаьрга безам** – иза воккхачун терго йар, цуьнан доладар, цуьнан хьашташ кхочушдар ду. Воккханиг лара а веза, цуьнан сий дан а деза.

**Бехк** – иза стагана, шен гергарчарна, лулахошна, йуьртахошна, халкъана хьалха декхаре хилча, олу дош ду.

**ГӀиллакх** – иза адамаша вовшашца лелочу йукъаметтигийн, гергарлонийн кепаш, куьцаш, дозанаш ду.

**Даймохк** – иза цхьа лаьмнаш, хиш, аренаш хилла ца Ӏа. Даймохк – иза уггар а хьалха хӀокху лаьттан адамаш ду, церан вовшашца йолу оьзда йукъаметтигаш, гӀиллакхаш, марзонаш, баккхийчеран хьекъал, Ӏеламнехан беркате серло, кегийрхойн доьналла, мехкарийн оьздангалла, нахана йуккъера нийсо…

**Дегайовхо** – ирсах, толамах, диканах догдиллина цахилар, ткъа иштта тӀехӀоьттинчу халачу киртигехь дикачу чаккхене сатийсам.

**Деган хазалла** – гонахарчу Ӏаламца, адамашца лараме а, къинхетаме а хилар; кхечуьнгара йаьллачу ледарлонна гечдеш, кӀеда хилар; оьшучохь нехан хьашташ шечарел хьалхадахар.

**Доьналла** – иза муьлххачу тӀекхаьчначу халонах а, бохамах а, воха ца вухуш, шен сий ца дойуш, чекхвалар ду. Ког тасабелла воьжнехь, юха хьала а айавелла, шен некъ чекхбаккха де хилар а, ша харц вуй хиъча, цунна къера хила кийча хилар а ду.

**Жоьпалла** – дан дезачу хӀуманан сацам бан а, иза кхочушбан а кийча хилар, цунах шена а, нахана а хьалха жоп дала доьналла хилар.

**Къинхетам –** кхечу адамехь, ткъа иштта дийнатехь долчу хьолах кхетар а, царах доглазар а, оьшучохь гӀо дар а.

**Къонахалла** – шен дахаран коьрта Ӏалашо халкъана, махкана вацар хетачу стеган сийн кодекс.

**Къонах** – иза халкъо кхоьллина, боьрша стаг муха хила веза бохучу хаттарна жоп луш, массо хӀума а меттехь долчу стеган васт ду.

**Ламаст** – дайх дисна нах болчу йа говзачу наха, йа дерриге къомо, йа халкъо шайлахь товш а, тамехь а хеташ леладен оьзда гӀуллакх.

**Ларам** – адаман дикалла къобалйар, цуьнца оьзда йукъаметтиг лелор, цуьнан хьашташ лоруш хилар.

**Маршо** – иза стага, цхьамма а ницкъ беш а воцуш, шен лаамехь оьздангаллин бехкамийн гурахь ша латтавар ду. Стаг диканиг дан паргӀат хилар – иза йу маршонан билгало.

**Нене безам** – цхьаъ бен доцчу йа кхин хила йиш йоцчу уггар хьомечу адамна, шен нанна, муьтӀахь хилар, иза ларйар, цуьнан сий-ларам бар.

**Оьздангалла** – иза стаг шен ойланца а, духарца а, гӀиллакхашца а цӀена хилар ду.

**Сий** – иза стагана деза хета, дохо йа кхечуьнга дохадайта йиш йоцу, цо ша шен лаамехь тӀелаьцна оьздангаллин декхарш а, уьш хаддаза кхочушдеш ӀаӀийна дикачу гӀуллакхийн мохь а, гонахарчу наха церан мах хадош шен дӀайахана дика цӀе а, и бахьанехь нахана йуккъехь корта айбина дӀалела йуьхькӀайн а хилар ду.

**Собар** – иза шена тIекхаьчначу муьлххачу а бохамна, гIелонна, воьхна ца хьийзаш, сихаллехь, ойла йар доцуш, цхьаъ ца деш сацавала, хиллачух нийса кхета а, маьIна дан а хьекъал кхачар ду.

**Стогалла –** иза дахарехь тIехIоьттинчу муьлххачу киртигехь доьналлех, йохьах цавохар а, ткъа иштта шен бехк тIелаца кийча хилар а ду.

**Тешам** – иза стагана, цхьана а хIуманна тIехь шеко а йоцуш, майрра шен ойла а, къайле а, даьхни а кхечуьнга кховдо таро лун халкъо йеза леринчу синмехаллех цхьаъ йу.

**Хьарамло** – иза Дала ца магийначу новкъа лелар ду: харцо лелайар, къола дар, хьо санна долчу адамна гIело йар.

**Эхь**– иза, шен декхар кхочуш ца дича, йа цхьа оьзда доцург далийтича, стеган сий дожар ду.

**Йахь** – иза гуттар а дикачу гIуллакхаш тIехь, амалшкахь (комаьршаллехь, майраллехь и д.кх.а) шена гонахарчу нахал оьшуш ца хила гIерташ хилар ду.